


MWARI

ANOZVIDUDZIRIRA PACHAKE

 Baba vedu veKudenga, Shoko rimwe chete kubva kwaMuri rinoreva kupfuura zvingataurwa kana kuitwa nemunhu wese chero panguva ipi zvayo, nekuti vanhu vakamirira kuKuonai. Uye tinoKutendai nekuti pane avo vari pasi pekutarisira, vakatarisira kuti chimwe chinhu chitike. Uye kana vanhu vaine nyota yechimwe chinhu, pakadzika pachidanira kune Pakadzika, panofanira kuva nePakadzika panodavira kukudana ikoko. Uye ndokusaka tiri pano manheru ano, nekuti zvaive pamoyo yevashumiri ava, nevanhu, kutidana pamwe chete kuti tizoKukumbirai mutsa nemaropafadzo, tichitenda kuti Muchapodza varwere nekuponesa varasiki, uye moratidzira Shoko reNyu.

² Uye tinonamata, Baba veKudenga, kuti Muchatendera izvi kwatiri patiri kumirira paMuri takazvininipisa, manheru ega-ega. Dai kwava ne—nekudirwa kwakadai kweMweya Mutsvene, uye dai munhu wese apofomadzwa kune chero chinhu chese chakavapoteredza kunze kwaMwari. Dai kwava nekudanidzira kukuru pakati pevanhu, vane nyota yaMwari, kusvikira pachauya rumutsiro kutekeshera nyika yese muno uye chechi yese ichazadzwa nevanhu, vatadzi vachichema kuti Mwari aite nyasha, uye—uye Mweya Mutsvene uchipodza varwere, achiita kuti zvirema zvifambe, nekumutsa vakafa, uye nekutendera zvinhu izvi zvakavimbiswa muShoko reNyu.

³ Uyai, Ishe Jesu, kuzozadzisa vimbiso yeNyu. Uyai kwatiri manheru ano. Tintotenda kuti Muri mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi, kuti vimbiso dzeNyu hadzigoni kukundika. Zvese matenga nenyika zvichakundika asi Shoko reNyu harikundike. Dai kunzwisisa kwedu kwazaruka. Dai Mweya Mutsvene wauya kuzoisa ivhu regombo. Dai kunzwisisa kwedu kwazarukira Mweya nesimba raMwari manheru ano, kuti iYe aratidzire Mashoko aAkavimbisa kubudikidza nematiri. Nekuti tinozvikumbira muZita raJesu. Amen.

⁴ Zvino, manheru ano, imi vanotarisa musoro wenyaya, ngativhurei Bhaibheri kuBhuku raPetro wePiri, kutangira pandima 15, kungoitira nzira yekutaura pamusoro peGwaro kwenguva pfupi.

Zvino ndichashingaira kuti mugogona kurangarira zvinhu izvi nguva dzose kana ndaenda.

Nokuti hatina kutevera ngano, dzokufungwa nenjere, nguva yatakakuzivisai simba nouko kuuya kwaShe

wedu Jesu Kristu, asi takanga tiri vanhu vakaona humambo hwake.

⁵ Ndinoda izvo, “zvapupu zvakaona.” Kwete imwe ngano. Tiri vapupuri vezvatiri kutaura pamusoro pazvo.

Nokuti iye akapiwa kukudzwa nokubwinya naMwari Baba, uye pakauya inzwi rakadai kwaari richibva kukubwinya kukuru-kuru richiti, Uyu ndiye Mwanakomana wangu anodikanwa, waNdinofarira.

Inzwi iri takarinzwa isu richibva kudenga, nguwa yatakanga tinaye mugomo dzvene.

Uye tineshoko zvakare reuporofita rakasimba kwazvo; imi pamwe ramunoita zvakanaka kana imi muchiriterera, rakaita somwenje unovhenekera mune...rima, kusvikira utonga hwuchitsvuka, nenyamasase ichibudira mumoyo yenyu:

Muchiziva pakutanga, kuti hakunouporofita hworugwaro hwunongodudzirwa muchivande.

Nokuti hakunouporofita hwakatongouya kareko nokuda kwomunhu: asi munhu waMwari vakataura vachimutswa noMweya Mutsvene.

⁶ Dai Ishe awedzera maropafadzo aKe pakuverengwa kweShoko raKe. Zvino, ndichatora izvi semusoro wenyaya: *Mwari AnoZvidudzirira PachaKe.*

⁷ Tiri kurarama muzuva renyonganyonga. Tiri kurarama muzuva iro murume nemadzimai vanopotsa vasisazive zvekuita. Zvinhu zvese, zvi—zvinoita sezviri mhirizhonga. Zvinhu zvese, zvinoita sekunge kune nzira zhinji dzakasiya-siyana dzekutarisa. NdiSatani, anozviita.

⁸ Zvino, Mwari haagone kutonga vanhu zvakarurama, kwazvo, kunze kwekunge paine chiero chaAnofanira kuvatonga nacho. Uye Bhaibheri rinotaura kuti iYe achatonga munhu wese naJesu Kristu, uye Jesu Kristu iShoko. MunaJohane, chitsauko 1, Rakati:

Pakutanga Shoko rakanga riripo, uye Shoko rakanga riri kunaMwari, uye Shoko rakakanga riri Mwari.

Uye Shoko rakazova nyama, rikagara pakati pedu, . . .

⁹ Zvino, zvese zvatiri nhasi uno kuratidzirwa kwezvizenga zvake. MunaMwari . . . Kutanga akanga asimbori Mwari, Mwari, taingomudana kuti “Uyo anorarama Nekusingaperi.” Aiva asiri Mwari, nekuti izwi rekuti (izwi reChirungu) *Mwari* rinoreva “chinhu chinonamatwa” uye pakanga pasina chaiMunamata. Saka Aiva Uyo anorarama Nekusingaperi, iro—iro Tsime huru rezivo yese. Uye muTsime iri rezivo yese maisava neatom, molecule, kana chaivamo, pasina chiedza, nyeredzi, mwedzi, pasina chimwezve. Mwari, chatinoziva saMwari, Mweya mukuru

waigara nekusingaperi (usina kumbova nemavambo, usina kumbova nemagumo), Iye aivapo. Uye maAri maiva nezvizenga: zvaiva hunhu hwekuva Mwari, kwozoita hunhu hwekuva Baba, hunhu hwekuva Mwanakomana, hunhu hwekuva Muponesi, pfungwa dzekuva hunhu hwekuva Mupodzi. Hwese hunhu uhu hwaiva maAri. Uye zvino Iye. . . Zvinhu izvi zvakabhedhenuka kubvira ipapo hwaingova hunhu hwaKe huri kuratidzirwa.

¹⁰ Zvandinoreva, *hunhu* dzaiva “pfungwa” dzaKe. Uye sho—*shoko* “ipfungwa yaratidzwa.” Uye zvararo ndizvo zvaiva mukufunga kwaKe. Uye paAkati, “Ngakuve,” uye ndokuvapo. “Ngakuve,” uye ndokuvapo.

¹¹ Uye zvino, rangarirai, imi Makristu maiva pfungwa dzaKe nyika isati yavepo. Uye muri kuratidzirwa kwekufunga kwaKe. Pasati patombova nenyika, maive munaKristu, (ameni) munaMwari kumavambo. Izvozvo zvinokuitai, zvino, munooona, vanhu vaKe. Uye nyaya yacho yese ndiMwari, pachaKe, Achizviita nyama kuti iYe akwanise kubatika, kuoneka, ne—nezvakadaro. Uye ndizvo zviri Mwari, nyaya yacho yese.

¹² Zvararo vanhu vanoti, “Dudziro. . .” Ndaitaura pano hapana nguva refu mumusanganano, mumwe murume akati kwandiri, iye akati, “Hama Branham, mune dudziro isiyu. Hamududzire Izvo zvakana.”

¹³ Zvino, tinonzwa. . . Vanoenda kuneveMethodisti, uye voti “VeBhaptisti havadudzire kwazvo.” VeBhaptisti voti, “VePentecosti havadaro.” VePentecost vanotaura kuti “Ve—veOneness havadaro.” VeOneness vanoti, “VeAssemblies havadaro.” Uye mumwe nemumwe anoti umwe wacho haadaro.

¹⁴ Mwari AnoZvidudzirira pachaKe! Haadi munhu anoMududzirira. IYe AnoZvidudzirira pachaKe. Ndeupi munhu anogona kududzira Mwari? Mwari AnoZvidudzirira pachaKe.

¹⁵ Zvino, Petro achitaura pano, tinoona kuti pamavambo apo Mwari akati, “Ngakuve nechiedza,” uye kukava nechiedza, ndiyo dudziro kwazviri. Mwari paakataura chero chinhu chikaitika, zvino ndiyo dudziro yaMwari yekuti Shoko raKe rakarurama. Maona? IYe paakati, “Ngakuve nechiedza,” zvaiva mupfungwa dzaKe kutanga pasati pambova nechinhu sechiedza. PaAkati, “Ngakuve nechiedza,” chiedza chakabuda mumatenga, ndiyo dudziro. Hapana anofanira kududzira izvozvo, nekuti Mwari akadaro uye hepo pazvaiva. Kana Mwari akataura uye zvoitika, ndiyo dudziro yeShoko raKe. Sei vanhu vasingagone kuzviona? Sei vanhu vasingazvione?

¹⁶ Mwari paanoita vimbiso uye Mwari oti. . . Pa—pakutanga, munaGenesi, iYe akapa Shoko raKe kuzera regarega paRaidzika kubva kumavambo kusvika kumagumo. Uye, zasi mumazera ese aya, nyika yechechi yakavhenganisa zvese izvi netsika, uye nezvakadaro, uye Mwari anogara achiunza panzvimbo, kudzika nemuTestamente yaKare neTsva, vaporofita! Uye

Shoko raMwari rinouya kumuporofita. Uye Rinozviita sei? Rinoratidzira Shoko raMwari. Kuratidzirwa kwaMwari, kunotaura kana zvirizvo kana kuti zvisizvo. Hakuna munhu anofanira kuRidudzira, Shoko rinoZvidudzirira. Mwari akazvivimbisa uye hezvo zvinoitika!

¹⁷ Zvinobatsirei pakutaura chero chimwewo pamusoro paRo? Ndiani murume azere zvivi aigoedza kutaura (apo Mwari aita vimbiso uye Mwari oiita) kuti dudziro iyoyo handiyo? NdiMwari pachaKe arikuZvidudzirira pachaKe, achidudzira. Haadi munhu anomududzira, iYe anozvidudzira pachaKe kubudikidza nekuratidza zvaAkavimbisa kuti Aizoita.

¹⁸ Oh, dai chechi yaigona chete kuona izvozvo nekuona vimbiso dzakapihwa kuzera regarega! Mamwe mazera ese, Mwari akatumira pachiitiko (kunyange kudzika nemumazera manomwe ekereke) uye akaratidza zvese zvaAkavimbisa kuzoita. Zvinhu zvese, hapana chinhu chimwe chakasiwa chisina kuitwa. Ndizvozvo! ZvaAkati Aizoita, izvo iYe akaita.

¹⁹ Nekuti Mwari paakati, shure uko munaIsaya, iYe akati, “Mhandara ichava nemimba,” uye yakava nemimba. Zvino, ndiani—ndiani angadudzire izvozvo? Mwari akadudzira. Akati, “Mhandara ichava nemimba,” uye yakava nemimba. Zvino, chii chamuri... hamugone... Hapana chinogona kutaurwa pamusoro pazvo, nekuti Mwari akati mhandara yaizodaro uye yakadaro. Asi chechi yakanga yakanyanya kupofomadzwa ipapo kuti izvione. Maona, vaiva nepfungwa yavo yazvo. Zvakanga zvakananyanya—zvakananyanya kusiyana nezvavaitarisira.

²⁰ Petro pano ainongedza kumashure, akati, “Mwari akaratidza Kristu neShoko raKe, iYe akati, ‘Uyu ndiye Mwanakomana waNgu anodikanwa.’” Vatendi ava vaive vamirepo. Uye Kristu aiva kuratidzirwa kwaMwari. Aigaroratidza Kristu neShoko raKe, nekuti Kristu iShoko. Anoriratidza nguva dzese.

²¹ Apo paAkati... Mumazuva aNoa, Kristu waiva munaNoa. Munozvitenda here? Noa akati, “Kuchanaya. Kuchava nekunaya kwemvura, nyika ichaparadzwa.” Kwakanaya. Izvo zvaisamboda dudziro. Kwakanaya nekuti Mwari, munaNoa, akati, “Kuchanaya.” Iye aiva muporofita, uye umboo hwacho ndewekuti zvaakataura zvakaaitika. Saka havadikanwi kuti vadudzire izvozvo.

²² Vamwe vavo vakange, varipo, vakati, “Murume uyu haazive zvaari kutaura pamusoro pazvo.”

²³ Asi Mwari vakagara vavimbisa, “Kana paine mumwe pakati penyu wemweya, kana muporofita, uye zvaanotaura zvikaaitika, zvino zvinzwei.” Ndizvozvo, nekuti ichokwadi. Zvinofanirwa kuva maererano neShoko. Uye Noa aienderana neShoko. Paakaporofita kuti kwaizonaya, uye kukanaya. Izvozvo hazvaida dudziro pazviri, nekuti zvakanogaita saizvozvo.

24 Isaya akati, “Mhandara ichava nemimba,” uye yakadaro. Zvino, zvaishamisa zvikuru. Nekuti, honai, aiva mazana akawanda emakore mhandara iyi isati yava nemimba.

25 Zvaishamisa zvekuti munhu kwaye waidanwa kunzi Josefa, murume wake, “ari murume akarurama uye asingadi kumunyadzisa...” Murume wakanaka iyeye mumazuva iwayo, zvingange zvaive zvakadini naJosefa paakavimbisana, nekutsidzirana naMaria.

26 Mhandara yakange yakatsidzirana. Muzuva iro, kutyora izvozvo, kwaive kwakangofanana nekuita upombwe. Uye, zvakadai, kuna Josefa, zvaiita sekunge Maria aiedza kumushandisa sedziviro, kana kumuita kuti ave anomvharidzira pakukanganisa kwake, nekuti hepano ainge awanikwa ave kuva amai, asina kuroorwa, akangotsidzirana chete. Biribidi seirori, waitemwa nematombo kusvika pakufa; zvaifanira kutodaro, pamutemo.

27 Uye Josefa, murume wake, aiva murume wakarurama, murume wakarurama kwazvo. Aitenda Mwari. Uye mhandara payaimutarira nemaziso akanaka, mahombe akanyorovera, oti, “Josefa, Gabhrieri Mutumwa mukuru akandishanyira akandiudza kuti ndichava nemimba, ndisina kumboziva murume.”

28 Zvino, dai Josefa akange akatarisa kumashure muGwaro, muporofita akati mhandara yaizodaro! Aive angori Mwari chete achidudzira Shoko raKe pachaKe! Maona? Asi zvainyanya kushamisa.

29 Ndiyo nyaya iripo munechero zera ripi zvaro. Shoko raMwari harizivikanwe kuvanhu; Rakanyanya kuita nenji. Mwari anogara achiita nenji. Pane nenji pese panaMwari. Rinopesana nehurongwa hwenyika, nekuti vanoita zvinhu nenzira yavanofunga kuti zvinofanira kuva. Asi Mwari anouya oita nenji.

30 “Mhandara iyi yaigova nemimba sei?” Aiva murume akatendeka, akatsvaka Mwari pamusoro pazvo.

31 Uye zvararo Mwari akataura kwaari muchiroto, ndokuti, “Josefa, iwe mwanakomana waDhavhidhi, usatya kuzvitorera kwauri Maria mudzimai wako, nokuti icho chiri mumimba yake ndecheweMweya Mutsvene. Mwari amuvhumbamira. Izvi ndizvo zvazviita.”

32 Makambocherechedza mashandire akaita Mwari naJosefa ipapo here? Nenzira yechipiri, nenzira yechiroto. Zvino, tinoziva kuti kune zvirototo, tinotenda muzvirototo. Ndinotenda muzvirototo. Kumbo...Mwari vanogara vachishanda nevanhu muzvirototo. Asi zvirototo inzira yechipiri, munoona, zvinogona kuva izvo kana zvisirizvo kunze kwekunge zvadudzirwa. Asi akanga asingadi dudziro. Aiva Mwari pachaKe achitaura zvakangananga kuna Josefa, nekuti kwaisava nemuporofita panyika mumazuva

iwayo kuti adudzire. Kwakanga kusina kumbova nemuporofita kwemakore mazana mana. Saka chakanakisisa chaitevera, chaitarirwa naMwari pakuriritira, kuriritira mwanakomana waKe iYe, chaiva kutaura naJosefa nemuchiroto uye pasina dudziro. Iye akati, “Mudzimai akarurama. Icho Chinhu Chitsvene chiri mumimba yake Mwanakomana waMwari.” Hazvina kumboda dudziro.

³³ Mwari AnoZvidudzirira kumoyo yakatendeka, yakaperera, varume nevakadzi vanotarira kune chi—chinhu chisinganzwisike, kana wakatendeka nekuperera uye ukatenda, Mwari ane nzira yekuzvidudzira kwauri. Chekutanga, tsvaga uone kana iri vimbiso. Dai Josefa akangodzokera shure uye obva kutsika iri odzokera kuBhaibheri, uye onona, Isaya akati mhandara yaizodaro.

³⁴ Uye zvinhu zvakataurwa pamusoro pazvo, uye kuberekwa kwaKe, nezvese pamusoro pako zvakataurwa neMagwaro, “nevaporofita vatsvene,” sezvakataurwa naPetro. Uye hapana munhu anekodzero yekuisa dudziro yake kwazviri. Zvinongova chaizvo izvo Mwari akati zvichazoitika. Iye aiva kuratidzwa kweShoko raMwari rakavimbiswa muzuva iroro. Mwari akazviture, saka hepo pazvaiva. Zvakazvinatsa.

³⁵ Jesu akati...PaAiva panyika, pavaisagona kunzwisisa shumiro yaKe, yakanga yakakurisa, yainyanya kushamisa, (vaisakwanisa), kushamisa, ndingadaro. Vaisakwanisa kuMunzwisisa. Iye akati, “Nzverai Magwaro!” (Ndinovimba kuti handisi kukuvharai nzeve imi kunze uko, ndichisheedzera muneichi.) “Nzverai Magwaro, nekuti maAri munofunga kuti muneUpenyu Usingaperi, uye Iwo ndiwo anopupura nezvaNgu.” Maona? “Iwo ndiwo anokuudzai kuti Ini Ndiri ani.”

³⁶ Honai, Mwari akapa Shoko. Zuva iroro raifanira kuva kuratidzirwa kwaMwari, Mwari (Emanueri) anesu, “Zita raKe richadanwa kunzi Unoshamisa, Gurukota, Muchinda weRugare, Mwari Samasimba, Baba Vekusingaperi. Uye Zita raKe richadanwa kunzi *Emanueri*, ‘Mwari anesu.’” Mwari waiva munaDhavhidhi. Mwari waiva munaMosesi. Mwari! NdiMwari nzira yese, achiZviratidza muzera iroro. Asi zera rino, “Mhandara ichava nemimba uye achazvara Mwanakomana, uye iYe achange ari Mwari anesu.”

³⁷ Ndizvo zvakamuroverera pamuchinjikwa, kuZviita Mwari, uye nekutyora Sabata. Iye aiva—Iye aiva Mwari pamusoro peSabata, uye iYe aiva Mwari. Uye iYe akanga asingori munhu wemazuva ese kana muporofita wemazuva ese (zvadararo Aiva Munhu wemazuva ese neMuporofita), asi iYe aiva Mwari-Muporofita. Uye iYe aiva kuzadzikiswa kweShoko, chaizvo sezvakahwa naMwari kuti iYe aizaita. Akati, “Ndiani wenyu anogona kuNdipomera chivi? Nzverai Magwaro! Maari munofunga kuti muneHupenyu Usingaperi, uye iwo ndiwo

anopupura nezvaNgu.” Asi tsika dzavo, vairarama muchadzera chechimwe chizvarwa.

³⁸ Sekuparidza kwandaiita mavhiki mashoma apfuura, “*Kurarama muchadzera*”. Chadzera “manyiminya,” zuva richivaima, uye ndechenhema. Uye chadzera chipi zvacho chirimwe zera iringiro yenhema. Vanhu vanogara vachifamba munechimwe chinhu chakaitika makore akapfuura. VeLutheran vari kufamba muchadzera cheLutheran. Chiedza chezuva chaRuther chaive chakanaka muzuva rake; Whisiri aive akanaka muzuva rake; Pentecosti yaive yakanaka muzuva rayo. Tiri kukwidza manera, tiri kurarama munechimwe chizvarwa! Tiri kuenda mberi, mberi, hatigoni kuramba tichitarisa kumashure.

³⁹ Kana tikagadzikana munezvinhu, tinofunga kuti tazvigadzirisa zvese, tinozvicutira mutsika dzedu; uye zvanga zvakanaka muzuva iroro, asi tiri kufambira mberi! Nzverai Magwaro muone zvakavimbiswa nhasi uno, zvadaro tichaziva patiri, tozokwanisa kutaura patimire.

⁴⁰ Ruther; unogona kutarisa muMagwaro uye wona mu—muzera reSardhisi riya, unogona kuona chaizvo zvakavimbiswa. Tarisa kuti imhandoi yemutasvi akaenda, tarisa chakauya kuzosangana naye, chaizvo, “mano emunhu,” kuvandudzwa. Tarisa Whisiri, zvichienda mberi. Pazvakadzika kuzera rePentecosti, uye zvichidzika nezera iroro, tarisai kuti rakafamba sei. Tarisai Magwaro uye muone patava. Ndicho chikonzero Jesu akati, “Nzverai Magwaro!”

⁴¹ Honai patava! Ndinotenda kuti tave paKuuya kweMwanakomana waMwari iko zvino. Ndinotenda kuti tave pazera re—reawa chaiyo yekuti Anogona kusvika chero nguva ipi zvayo. Ndinotenda kuti Magwaro anozvizivisa, kuti tiri mumaawa ekupedzisira enhoroondo yenyika ino. Ndinooona zvinhu pazviri kutora chimiro. Kuona Ecumenical Council ichitungamirira machechi ese mauri, mumunembo wechikara. Uye kuona Humambo hwechiRoma nezvauri kuita, nevamwe vavo vese. Kuvaona vachiuuya pamwe chete, vachivharidzira Chiedza kunze, vachivharira Vhangeri. Munhu wese anofanira kuva nhengo yayo uye wofamba muzviedza zvavo kana kuti hautofambi zvachose. Maona, tiri panguva yekuguma. Hapana chatasarirwa nacho asi kubatirira panaMwari nekutenda Shoko raKe. Shoko rinogara rakarurama.

⁴² Muzera rekereke yeRhaodhikia, ndiro zera rega rekereke, pana ese, iro Kristu akaiswa kunze kwechechi. Aiva panze, achigogodza. Chii chakaitika? Iyi Ecumenical Council ndiyo iri kuzoMubuditsa kunze. Bhaibheri rakati iYe aizenge ari kunze, uye Ariko. Inovharidzira chii kunze? Shoko. Uye iYe iShoko, Akagara ari Shoko, uye Achiri Shoko manheru ano! Iye ndiye Shoko.

43 Bhaibheri rakati, “Shoko rinopinza, nesimba kupfuura munondo unocheka mativi maviri,” vaHebheru, chitsauko 4, “rinonzvera pfungwa nevavariro dzemoyo.” Shoko raiva! Vaifanira kunga vakaziva kuti iYe aive Ani paya Jesu paakazviture muzuva iroro.

44 Tarisai zvaAkaita. Rimwe zuva Aive akamira ipapo, kutanga kwemavambo eshumiro yaKe. Paiva nemurume akauya kwaAri, ainzi Simoni, Simoni Petro. Uye Petro paAkamutarisa uye—uye akaMuona, Jesu akati kwaari, “Zita rako ndiSimoni uye uri mwanakomana waJonasi.” (Aifanira kuziva kuti Mosesi akati, “Ishe Mwari wenyu achasimudza muporofita akafanana neni, uye Iyeye munofanira komunzwa.”) Zvino hepo paiva neMurume akanga asati ambomuona muopenyu hwake, akati, “Zita rako ndiSimoni uye uri mwanakomana waJonasi.” Saka, akabva aziva ipapo kuti aisava mumwe zvekare... Vakanga vasina kuva nemuporofita kwemazana emakore, uye hepano paiva neMurume aimuudza kuti aive ani. Hazvishamise akakwanisa kuzvigamuchira!

45 Firipo, panguva iyoyo, akaenda uye—uye akawana Natanaeri pasi pemuti, akamuunza kudzoka kunaJesu. Jesu akati “Tarirai muIsraeri asina hunyengeri maari.”

Iye ndokuti, “Rabhi, Mandizivirepi?”

46 Iye akati, “Firipo asati akudana, pawanga uri pasi pemuti, ndakuona.”

47 Iye ndokuti, “Rabhi, Muri Mwanakomana waMwari! Muri Mambo weIsraeri.” Aiziva kuti ndizvo! Chii? Zvaisada dudziro ipi hayo, Jehovha akazviture!

48 Ipapo paive pakamira vaisazvitenda. Vaiti, “Murume uyu ndiBheerzebhuri. Ane—ane mano aAri kuita. Iye—Iye muvuki, kana chimwe chinhu.”

49 Jesu akavatarisa, akati, “Sei, munotaura izvo kupesana neMwanakomana wemunhu, muchazviregererwa. Asi kana Mweya Mutsvene wauya kuzoita zvimwe chetezvo, kutaura muchipesana naWo, hamuzomboregerwi, munyika ino kana munyika inouya.” Aiporofita pamusoro pezuva redu, zuva ratinofanira kuona. Nekuti iYe mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi.

Rangarirai, ndiJesu Kristu aiva munaMosesi.

50 NdiJesu Kristu aiva munaDhavhidhi. Paya Dhavhidhi, mwanakomana wa... Dhavhidhi akakwira pamusoro pegomo, ari mambo warambwa, akachema nekuda kweJerusarema, chaisava chimwe asi Kristu maari. Kwemakore angaita mazana masere mushure macho, Mwanakomana waDhavhidhi akaenda pamusoro peGomo reMiorivhi uye ndokutarisa zasi kuJerusarema akachema, uye akati, “Jerusarema, Jerusarema,

kangani kandingadai ndakakuvhumbamira sesheche kunhiyo dzayo, asi wakaramba!”

⁵¹ Josefa paaiva mutirongo, aiva Jesu. Paakatengeswa kweangasvika masirivheri makumi matatu, aiva Jesu. Paakaitwa mutariri waPotifari, aiva Jesu. Paakagara paruoko rwerudyi rwaFarao. Uye paaibva, munhu wese...hwamanda yairira, uye munhu wese aigwadamisa ibvi, aiva Jesu. Hapana munhu aikwanisa kuuya kunaFarao asi bedzi nekuna—nekunaJosefa; hapana munhu anogona kuuya kunaMwari, asi kubudikidza naJesu bedzi. Aiva Jesu, Shoko rakaprofitwa richizadzikiswa, rakataurwa mumimvuri nemifananidzo.

⁵² Paya Jesu paaiva pano panyika, Akaita zvimwe chetezvo vaporofita vakaita, ndosaka vaiziva kuti iYe aiva kuratidzirwa kwaMwari kweShoko Rake. Hazvaimboda kududzirwa.

⁵³ Natanaeri paakaona izvi, akawira pasi, akati, “Ndimi Mambo weIsraeri, Mwanakomana waMwari, Mambo waIsraeri. TinoKuzivai, hapana mumwe munhu aigona kuita izvi.”

⁵⁴ Nikodhimo akauya usiku, akataura zvimwezvo akamiririra Farise. Asi, munoona, vakanga vakabatikana zvakananyanya muEcumenical Council yavo zvekuti vaisakwanisa kuRigamuchira. Akaratidza zvavaitaura, akati, “Rabhi, isu...” Ndiani “isu”? Kanzuru yavo! “Tinoziva kuti Muri mudzidzisi akabva kunaMwari, nekuti hakuna munhu aikwanisa kuita zvinhu izvi kunze kwekunge Mwari vainaYe.” VakaRicherechedza, vaiziva kuti raiva iRo, asi vakanga vakanyanya kubatikana mairi.

⁵⁵ Uye Mwari, mumakore makumi mana apfuura, akazunguza nyika ino nerubhapatidzo rweMweya Mutsvene, uye varume nevakadzi vachiri kunze kwaWo nekuti vakabatikana nechinhu chimwe chetecho, vachirarama muchadzera cherimwewo zuva. Chikonzero chii? Munhu wese anoda kuvamuMethodist, Baptist, Presbyterian, Lutheran, kana chimwe chinhu. Maona, chadzera.

⁵⁶ Vairarama muchadzera chezuva raMosesi. Akati kudini? Iye akati. . . Ivo vakati, “Tiri vadzidzi vaMosesi.”

⁵⁷ Iye ndokuti, “Dai makaziva Mosesi, mungadai makaNdiziva. Mosesi akanyora nezvaNgu!”

⁵⁸ Dai makaziva Ruther, mungadai makaziva zera rino! Dai makaziva Methodist, mungadai makaziva zera rino! Nekuti Kristu akanyora nezvezera rino! MaShoko ari kuzadziswa anofanira kuzadzikiswa muzera rino. Hazvidi mumwe munhu kuti Ari dudzire, Mwari Anodudzira pachaKe. Mwari Anozvidudzira pachaKe, nekuti ndiYe Ega anogona kuRidudzira. Vimbiso dzaMwari nguva dzese dzinosimbisa zvaAkataura, uye ndiyo dudziro.

⁵⁹ Zvino, Jesu, (kuchengetedza nguva), Jesu akati, muna Johane, chitsauko 14, ndima 12, “Uyo anotenda maNdiri,

mabasa aNdinoita naiye achamaitawo.” Iye Akazviture here? Ndizvozvo. Izvo hazvidi kududzirwa. Kana munhu akaita basa iroro, ndiMwari. Chokwadi!

⁶⁰ Iye akataurawo imomo, “Sezvazvaiva mumazuva aRoti, nokudaro ndizvo zvazvichava pakuuya kweMwanakoma wemunhu.” Jesu akataura izvozvo. Iye Akazviture here? Chokwadi, Akazviture! Izvo hazvidi dudziro.

Vanoti, “Zvakanaka, izvo zvaireva . . .”

⁶¹ Zvaireva chaizvo zvaAkataura! “Sezvazvaiva mumazuva aRoti, ndizvo zvazvichava pakuuya kweMwanakomana wemunhu.” Chii pamusoro pemazuva aRoti? Ngatidzokerei kumashure kwenguva pfupi, tione kuti vaiitei.

⁶² Paiva nemhando nhatu dzevanhu mumazuva aRoti: mutendi, mutendi kabanga, neasingatendi. Chiri muungano yega-yega, chinhu chimwecho.

Tinoona kuti VaSodhomi vaiva vasingatendi.

Roti waiva mutendi wekabanga.

⁶³ Abrahama ndiye aiva mutendi. Ndiye uyo akanga akaitwa sungano naye. Ndiye aitarisira mwanakomana wevimbiso. Ndiye aitarisira. Amen. (Handisi kuzviitira “ameni.” *Ameni* zvinoreva “Ngazvive saizvozvo!”) Uye ndizvozvo. Abrahama aisava muSodhoma. Abrahama aiva kumusoro uye kunze kweSodhoma. Ndiye mufananidzo weChechi yemweya nhasi uno.

⁶⁴ Roti mufananidzo wechechi yemasanganano zasi ichiri muSodhoma. Tarirai, Bhaibheri rakati, “Zvivi zveSodhoma zvaishungurudza moyo wake waive wakarurama mazuva ese.” Sei aisava neushingi hwekumisidzana nazvo? Pane vanhu vakanaka vazhinji vanogara muchechi nhasi, vachitarira uye vachiona vakadzi vakapfeka zvikabudura nevarume vachiita zvinhu izvi, uye nhengo dzavo dzichienda, kunotamba gorofu musi weSvondo, nemapati epikiniki, nekudhidha nezvakadaro, panzvimo pekuuya kuchechi. Vachigara kumba manheru eChitatu, vachiona terevhizheni, panzvimo pekuenda kuchechi. Vanonzwa kuti vataure chimwe chinhu pamusoro pazvo, asi bato rinozovadzinga. Chikonzero chii? NdiRoti zvakare, arikutarisa kunze kwefafitera rake uye achiona chivi, uye achitya kudaidza chivi kuti “chivi”!

⁶⁵ Abrahama aisava mumatakanana avo, akanga ari kunze kwawo. Akanga ari mufananidzo weChechi yemweya. Zvino tarirai zvakaiteka pamagumo enguva, moto usati wadonha. Uye avo vaiva vaHedheni. Zvakafanopa mumvuri wemoto uri kudonha panyika yevaHedheni nhasi uno, apo humambo huchapamuka uye huchatsva. “Matenga achange achitsva,” zvinotaura Jehovha, “uye achatsva nekupisa kukuru.” Ndiwo waiva mumvuri wazvo.

⁶⁶ Zvino ngatitorei mufananidzo wavo. Hepano pana Abrahamama ari kunze nechekare, kwete muSodhoma, iye aiva kunze kweSodhoma. Roti anga achiri muSodhoma.

⁶⁷ Chinhu chinoshamisa, amwe mangwanani aipisa, dzingaita nguva dzaeleven o'clock, akaona varume vatatu vachiuya, varume vemazuva ese, vachifamba vachidzika nenzira, muswaswaira. Abrahamama aiva agere pasi pemuoki, achizvizorodza. Anga ambenge ari kunze, zvichida nezvipfuwo mangwanani iwayo, akadzoka, kwosenerera kumasikati. Zvino akaona varume vatatu vachiuya. Uye paiva nechimwe chinhu pavarume ava, icho, chakamutsa ndangariro dzake. Oh, ini zvangu!

⁶⁸ Pagara paine chimwe chinhu pamusoro paMwari, kana Chauya pakati pevanhu, Chinomutsa ndangariro. VanoChiziva. Pane chinovaudza, kuti pane kusimbiswa ipapo.

⁶⁹ Abrahamama akamhanya nekukurumidza, uye akati, "Ishe wangu, uyai munditendere kuwana mvura shoma, ndinoitora uye ndigeze tsoka Dzenyu, nekuKupai chimedu chechingwa, uye zvararo Munogona kuenda nenzira yeNyu." Saka akatendeuka kurutivi. Akamhanya mudanga akabata mhuru ndokuiuraya, akaita kuti muranda aigadzire. Ndokupinda mutende, zasi kwake, ndokuita kuti Sara akanye furawa, agadzire chimwe, kana kudya, abike chingwa, ogadzira makeke pachoto. Ndokumabuditsa akapakura. Paainge agerepo, achidya, vakatanga kucherechedza, Murume uyu airamba achitarisa zasi kuSodhoma. Uye akati. . .

⁷⁰ Vaviri vavo, rangarirai, vakadzika kuSodhoma. Vaviri vavo vakaenda kuSodhoma. Ndapota musapotse izvi. Ndiri kunongedzera kune zvakataurwa naJesus. Vaviri vavo vakaenda kuSodhoma kunobuditsa Roti nezvanga zvakagadzirira kuzobuditswa zasi ikoko. Uye vaviri ivavo vakadzikako, vakadzika vakanoparidza. (Zvino pakasara Mumwe chete naAbrahamama. Tarisai chiratidzo chaAkaita.) Vakawana chiratidzo zasi ikoko, kwaiva. . .vaSodhomi vakarohwa nehupofu. Kuparidza Vhangeri kunogara kuchipofomadza kune asingatendi. Uye cherechedzai chakazviita.

⁷¹ Zvino, pane Mumwe chete amire kumashure kuno uye akamboita chiratidzo kunaAbrahamama.

⁷² Zvino, makambocherechedza here, munhu wenhorondo upi zvake, tevedzai Magwaro, tevedzai nhoroondo yacho, hapana kumbobvira paita nguva mumazera ekereke apo munhu akaenda kuchechiwo zvadzo kunze uko kunyika, kunze uko kumasangano, hakuna kumbobvira kwaita murume aiva nezita raipera saAbrahamama, h-a-m, munguva yapfuura. Asi nhasi uno vane mumwe, G-r-a-h-a-m. Ndizvozvo. Anodzika zasi ikoko, achivadanira kunze. Ari kuita basa rakanakisa naizvozvo. Graham, Billy Graham, muranda waMwari kunze uko

pakati pemasangano, vezvematongerwo enyika, nezvakadaro, achiriputitsa.

⁷³ Rimwe zuva vaida kuti akwikwidze kuva Mutungamiriri wenyika, iye akazviramba zvakasimba. Mwari, vamuropafadze nekuda kwazvo. Sei, makambani makuru ewhiski, haaingamboendako sezvazvingadai zviri. Vainge vashandisa mabhirioni amadhora, nekuti iye aingovatsiura zvakadaro zvakadaro, makambani emidzanga yefodya nezvinhu zvakadaro. Maona, ari kunze uko senhume yaMwari kuvaSodhomi. Ndizvo chaizvo.

⁷⁴ Asi rangarirai, paiva neUyo akasara kumusoro uko naAbrahama, umwe Murume, kwete vaviri avo vakadzika zasi uko sevavhangeri vechimanjemanje vakadzikako kunoparidza. Cherechedzai, pane Mumwe chete akasara kumusoro uko. Vaviri vakadzika neuko, uye Mumwe akasara apa naAbrahama. Uye Uyo akasara naAbrahama akamupa chiratidzo.

⁷⁵ Zvino tarisai, zita rake raimbonzi “Abrama” uye mudzimai wake aimbonzi “Sarai,” zuva rimwe kana maviri akanga apfuura. Mwari akanga auya kwaari akamuudza kuti, “Ndavakushandura zita rako zvino kubva kuna Abrama kuva Abrahama.” (Maona, G-r-a-h-a-m mavara matanhatu, munhu.) Asi A-b-r-a-h-a-m manomwe, mavara manomwe; h-a-m, richipera na h-a-m.

⁷⁶ Zvino, kumusoro kuno muChechi yemweya, kwaiva neUyo kumusoro ikoko naAbrahama, uye cherechedzai zvaAkataura. Iye akati, “Abrahama,” (kwete “Abrama”) “Abrahama, mudzimai wako aripi?” (kwete “S-a-r-r-a”) “S-a-r-a-h? Mudzimai wako Sarah uripi?”

⁷⁷ Tarisai zvaakataura, “Ari mutende seri kweNyu.”

⁷⁸ Zvino iYe akati, “Ndichakushanyira. Ndichazokushanyira.” Maona vara redungamunhu, Uyo, maererano nevimbiso yaAkanga aita. Aiva Mwari! Iye akati, “Ndichakushanyira.”

⁷⁹ Zvino Sara, (nenzira yatingakwanisa kunzwisisa tese) akaseka ega, nechemumoyo, ndokuti, “Ini, muchembere, ane makore zana, ishe wangu” (aiva Abrahama) “akwegurawo, takapfuura nguva iyoyo sevechidiki.” Akati, “Sei, hataikwanisa kuva nemafaro akadaro zvakare, ndachembera uye akwegura.” Uye akati, “Hataikwanisa kuvanzvo.” Iye akati, “Sei? Zvino izvi hazvaikwanisika!”

⁸⁰ Uye uyu—uyu Murume (Mwari mumutumbi wemunhu) ndokuti, “Seiko Sara aseka nekupokana, achitaura zvinhu izvi?” Mutende, seri kwaKe.

⁸¹ Zvino tarisai, kana iyoyo isiri shumiro imwe chete yaiva naJesu Kristu! Akatarisa pamusoro pechaunga akaona pfungwa yavo. Akaudza Petro kuti aiva ani uye kuti baba vake vainzi ani. Akaudza Natanaeri.

82 Akaudza mudzimai patsime, apo mudzimai paakati... Iye akati, “Enda unoNditorerera mvura yekunwa,” kana kuti “Ndiunzire mvura yekunwa.”

83 Mudzimai ndokuti, “Changamire, haisi tsika kuti Imi mutaure ne...imi maJudha kutaura nemaSamaria. Hatidyidzane navo.”

84 Iye akati, “Asi dai waiziva Uyo wauri kutaura naye, waiNdikumbira mvura yekunwa. Nhaurirano yakaenderera mberi. Iye akati, “Enda unotora murume wako muuye kuno.”

Mudzimai ndokuti, “Handina murume.”

Iye akati, “Wataura kwazvo, nekuti wakava nevashanu.”

Mudzimai ndokuti, “Changamire!”

85 Tarisai musiyano pakati pazvo neavo—neavo maprisita ezuva iroro, kanzuru iyoyo ichirarama muchadzera cherimwewo zuva. Vakati, “Uyu ndidhiyabhoru!” Vaifanira kupindura ungoro yavo kuchimwe chinhu, nekuti yaichida.

86 Asi chii chakaita mudzimai murombo mudiki uyu, iyo Mbeu yakatemerwa irere mumoyo make... Akanga afinhikana nezvinhu izvozvo, akanga afamba mumigwagwa sechipfeve. Asi paakaona iZvo, akati, “Changamire, ndinoona kuti Muri Muporofita. Hatina kumbova nemumwe kwamazana mana emakore, uye tinoudzwa kunzi Mesiya paanouya ndizvo zvinhu zvaAchaita.” Oh, ini zvangu! Mbeu iyo yakagara imomo yasvetuka kuupenyu! Sei? Zvaisada kududzirwa.

87 Jesu akati, “Ndini iYe ari kutaura newe.” Izvo hazvaida kududzirwa. Akanga aita shura uye apupura kuti iYe ndiye aive Mesiya wacho, ameni, uye akaita chaizvo izvo Mwari akavimbisa (“Ishe Mwari wenyu achasimudza Muporofita akafanana neni,” zvakataura Mosei). Chaiva chii? Kusimbiswa kweGwaro!

88 Mudzimai akamhanyira muguta, uye akati, “Uyai, muone Murume Uyo andiudza zvinhu zvakaita. Haasiriye Kristu wacho chaiye here? Haasi Uyu here? Andiudza zvakaita.”

89 Zvino cherechedzai, Jesu, aiva iYe kumusoro uko muMurume uya Aiva akapira gotsi kutende uye akataura zvaifungwa naSara mukati metende.

90 Shoko raMwari rinoti, munavaHebheru, chitsauko 4, kuti... Iye anotaura izvi, “Shoko raMwari rine simba uye rinopinza kupfuura munondo unocheka nekumativi maviri, richibaya kusvikira pasi pemwongo webvupa, munzveri wepfungwa nendangariro dzemoyo.” Ishoko! Uye nguva yese paiuya muporofita, aiuya neShoko, uye aiva Shoko rezera iroro. Uye zvakaitei? Uyo anoporofita ainzvera pfungwa dzaiva mumoyo.

91 Rakazviita munaJesu Kristu nekuti iYe aiva uzaro hweShoko.

⁹² Uye Jesu akati, “Sezvazvaiva mumazuva eSodhoma, ndozvazvichava mumazuva ekuuya kweMwanakomana wemunhu.” Mweya waMwari waizouya panyika muchimiro chevanhu, Mwari vachiratidzwa mumutumbi wemunhu (Ameni! Munozviona here?), uye waizoita zvimwe chetezvo Mwari akaita mumutumbi wemunhu paSodhoma. Rangarirai, vakanga vakamirira mwanakomana wevimbiso. Uye, mushure mazvo chaimo, mwanakomana wevimbiso akauya. Ndicho chiratidzo chekupedzisira chakaonekwa neSodhoma neboka raAbrahama mwanakomana wevimbiso asati auya. Mazvicherechedza here? Uye chechi yepamweya yasvika panguva iyoyo.

⁹³ Mumwe munhu akati, “Hama Branham, mati ‘aiva Mwari’ here?”

⁹⁴ Bhaibheri rakati, Aive Mwari! Hazvingadi dudziro. Ndiye Erohim. Ndizvo zvaAkadanwa naAbrahama. Muverengi upi zvake weBhaibheri anozviziva. *Erohim*, “Uyo akazvikwanira pachake.” Ndiye aiva weKutanga, weKupedzisira; Mavambo, weMagumo. Erohim! Abrahama akaMudana kuti “Erohim.” Mwari (mumavara makuru muchiHebheru), Erohim; sekungofanana nepamavambo, “Mwari,” Erohim.

⁹⁵ Iye aiva Erohim achiratidzwa mumutumbi wemunhu, akapfeka hanzu dzemunhu, achidya kudya kwemunhu. Ameni! Chiratidzo chekuti mumazuva ekuguma Mwari achauya zvakare pakati pevanhu vaKe mumutumbi wemunhu! Ameni! Jesu akati, “Mabasa aNdinoita muchaaitawo. Uye sezvazvaiva mumazuva eSodhoma, ndizvo zvazvichava pakuuya kweMwanakomana wemunhu.” Ameni! Izvozvo hazvidi dudziro; zvinoda kuratidzirwa, ndizvo zvazvinoda. Ameni. Munozvitenda here?

Ngatikotamisei misoro yedu.

⁹⁶ Baba vedu veKudenga, tinopa kwaMuri vimbiso yeNyu manheru ano kuti Makataura zvinhu izvi. Makazvivimbisa. Hapana anogona kuita kuti Shoko reNyu rirarame asi Imi. Makati, “Ngakuve nechiedza,” kukava nechiedza. Hapana anofanira kududzira izvozvo, zvakararatidzirwa.

⁹⁷ Sekutaura kwataita kubva munaIsaya, muporofita, “Mhandara ichava nemimba,” ikadaro; hazvidi kuratidzira, yakazviita. Ndizvo zvakaaitika.

⁹⁸ Imi Makati, paAnouya iYe aizobarirwa muBhethrehema, “Kubva muBhethrehema, Judhea. Handiwe here mudukusa pakati pemachinda ese eJudha, yeIsraeri? Asi mauri muchabuda Mutongi weVanhu vangu.”

⁹⁹ Zvinhu zvaAizoita, zvaAizochema pamuchinjikwa, kuti iYe aizopomerwa sei, kubaiwa mumakumbo aKe nemumaoko aKe; “Akakuvadzirwa zvivi zvedu, akarwadziwa nekuda kwekusarurama kwedu; kurohwa kwakatiunzira rugare kwaiva pamusoro paKe; nemavanga aKe takapodzwa.”

¹⁰⁰ Kuti Dhavhidhi akataura sei kuti, “Handingasiyi moyo waKe mugehena, uye handingatenderi Mutsvene waNgu kuti aone kuora.” Uye nezuva retatu, maawa makumi manomwe nemaviri asati asvika kuti aodze mutumbi waKe, Shoko raMwari rakati, “Achamuka.” (Vakati vakaba mutumbi waKe; vachiri kuzvitenda.) Asi isu tinotenda, Ishe, Shoko reNyu! Rakaratidzirwa. Jesu Kristu akamuka Akati, “Ndicha... Tarirai, Ndinemi nguva dzese, kunyange kusvika kumagumo enyika.”

¹⁰¹ Tinotenda kuti Muri pano manheru ano. Tinotenda kuti Mungori Jesu Kristu zvakadaro manheru ano, pano, sezvaMakambova. Uye muri kungotsvaga meso, maoko, makumbo, muromo, moyo, mitumbi, yaMunokwanisa kushandisa kuti Muzviratidze. Mwari, tichenesei manheru ano, kuti tikwanise kuona Jesu Kristu mupenyu achirarama pakati pedu. Regai iYe auye! Zvadarwo zvichaitika kuti, senzara yeVagiriki vaye vakauya zuva riya, uye vakati, “Changamire, tinoda kuona Jesu.” Uye vakamuona. Oh, zvingadai zvakavafadza sei pavakatarisa kwaAri!

¹⁰² Mwari, Muri mumwe chete nhasi. Uye Makavimbisa kuti kana tiine nzara taikwanisa kuKuonai. “Muchinguva chiduku, nyika haingatongoNdioni” (uyo asingatendi); “asi zvakadaro imi muchaNdiona, nekuti Ndichange ndinemi, kunyange mamuri, kusvikira kumagumo enyika.” Tinoziva kuti Muri mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi.

¹⁰³ Ishe, Mashoko ataurwa, zvakanyorwa, zvino ngazviitwe, kuitira Kubwinya kwaMwari, kuratidza kuti iYe anochengeta Shoko raKe. Amen. Mwari akuropafadzei.

¹⁰⁴ Nichadana mutsara wemunamato. Ndinotenda kuti Billy ati apa makadhi emunamato, potsi kusvika zana, kana chimwe chakadaro. Haasi pano iye zvino. I... Ichii kadhi remunamato nhamba... Mumwe munhu tarisa kumashure kwerako... Kune—kune nhamba ne—nevara (A, B, C, D, kana...). Ichii, A? Zvakanaka.

¹⁰⁵ Regai titore A, nhamba potsi, piri, tatu, ina, shanu. Chingotangai kusimuka sezvizvi. A, nhamba potsi, nhamba piri, nhamba tatu, nhamba ina. Ina, handina kuiona ichisimuka. Kadhi remunamato nhamba ina. Potsi, piri, tatu. Remunamato... Zvichida havagone kusimuka. Kana vasingagone, umwe munhu ngaatarise kadhi reuyo ari parutivi pako, anogona kunge aine kadhi uye asingagone kusimuka. Nekuchimbizika zvino. Heyo iri apo, ina. Shanu, kadhi remunamato nhamba shanu. Tanhatu, nomwe, sere, pfumbamwe, gumi, gumi neimwe, gumi nembiri. Chingotangai kuuya kumusoro kuno parikudaidzirwa nhamba dzenyu. Nhamba potsi, piri, tatu, chingouyai nekuno uku. Kadhi remunamato nhamba potsi, piri, tatu, ina, shanu, tanhatu,

nomwe, sere, pfumbamwe, gumi, gumi neimwe, ingotorai nzvimbo dzenyu. Gumi neimwe, gumi nembiri, gumi netatu, gumi neina, gumi neshanu, gumi nenhanhanhatu, gumi nenomwe, gumi nesere, gumi nepfumbamwe, makumi maviri, makumi maviri nerimwe, makumi maviri nembiri, makumi maviri nenhatu, makumi maviri neina, makumi maviri neshanu. Pane chero munhu asingagoni . . .

¹⁰⁶ Ndinoona pane mujaya ari muwhiricheya kumashure uko. Kana nhamba yako yadaidzirwa, mwanakomana, uye—uye kana usingakwanise kuwana. . .zvakanaka, chingosimudza ruoko rwako, tichaona kuti wasvika kuno. Waona?

¹⁰⁷ Vangani muno vasina kadhi remunamato asi muchirwara? Regai tione maoko enyu, chero. Pano chaipo, ndizvozvo, isai maoko enyu mudenga. Munotenda here? Pavari kuvaunza pamwe chete, munotenda Izvi here, kuti iYe mumwe chete zuro nekusingaperi? Vangani? Tarirai vashumiri ava; Gwaro hariti here nhasi uno, hama, iYe Muprisita Mukuru anobatikana nemanzwiwo eutera hwedu? Ndizvo here? Vangani vanozvitenda, simudza ruoko rwako? Iye Muprisita Mukuru anobatikana nemanzwiwo eutera hwedu.

¹⁰⁸ Zvino kana Bhaibheri richiti, “Iye mumwe chete zuro nekusingaperi,” vangani vanozvitenda? Zvino iYe aizvibata sei nhasi uno? Aitofanira kuita semazvibatire aAkaita zuro. Ndizvo here? Aripsi manheru ano? Agere paruoko rwerudyi rweHumambo, mutumbi waKe; Mweya Mutsvene uri muno muchivakwa, kuMuzivisa.

¹⁰⁹ Cherechedzai, zvino tarisai. Chii chakaitika paya mumwe munhu akabata hanzu yaKe shure uko, mudzimai rimwe zuva? Mudzimai akanga asina kadhi remunamato, taigona kuti, asi akabata nguwo yaKe. Uye paakabata nguwo yaKe, Jesu akatendeuka uye akati, “Ndiani aNdibata?”

¹¹⁰ Petro Akamutsiura, akati, “Zvadii, Ishe, hazviite sezvine unguwaru. Nekuti, munhu wese ari kuedza kuKubatai. Sei mavakuti, ‘Ndiani aNdibata?’”

¹¹¹ Iye akati, “Asi ndanzwa kuti Ndapera simba.” Vangani vanozviziva izvi? *Simba*, zvinoreva “simba,” rakabuda maAri. “Ndapera simba, mumwe munhu aNdibata nekamwe kabatiro kakasiyana.” Uye akatendeuka akatarisa kuchaunga kusvikira Awana paiva negwanza rekutenda.

¹¹² Vanhu vese vaiisa maoko avo paAri, “O Rabhi, tinoKutendai,” nezvese izvi.

¹¹³ Asi paiva nemumwe munhu ainyatsoRitenda. Uye mudzimai uyu akabata nguwo yaKe ndokutenda kuti akanga apodzwa, nekuti akati mumoyo wake dai akangokwanisa kuzviita ndizvo zvaizoitika.

114 Iye akatendeuka ndokutarisa pamusoro pechaunga kusvikira Amuwana, uye Akati...ndokuudza mudzimai uyu kuti dambudziko rake reropa rainge rapera uye akanga apodzwa. Ndizvo here? Zvino, ndiyo nzira yaAkaita nayo, muchaunga chevanhu.

115 Zvino, ndiri kutaura kuti iYe haana kufa, Angori mupenyu nhasi sezvaAkambova. Uye Bhaibheri rakati, Jesu akati, pachaKe, “Sezvazvaiva mumazuva eSodhoma, ndizvo zvazvichava pakuuya kweMwanakomana wemunhu.”

116 Zvino tarisai, zvisinei mhando yechipo chakaiswa naMwari kumusoro kuno, kunofanira kuva nechimwe zasi uko, zvakare, kudairira kwachiri. Iye akapinda muguta, Bhaibheri rakadaro, “Pane zvizhinji zvaAsina kukwanisa kuita nekuda kwekusatenda kwavo.” Ndizvozvo here? Zvimwe chetezvo nhasi uno. Unofanira kuMutenda. Unotongofanira kutoMutenda. Ndiyo nzira bedzi yaunokwanisa.

117 Mutsara wekunamatirwa wagadzirirwa here? Zvino, munhu wese achiremekedza kwemaminitsi angangoita gumi. Handizive kuti ndichapedza here uko, ndine vangaita makumi maviri nevashanu kana makumi matatu vamire uko. Asi zvino, mumutsara wemunamato, mumwe nemumwe wenyu kunze uko mumutsara wemunamato anoziva kuti ndiri muenzi kwaari, uye hapana chandinoziva pamusoro pako, simudza ruoko rwako. Mumwe nemumwe ari mumutsara wekunamatirwa.

118 Zvino umo muungano, anoziva kuti hapana chandinoziva pamusoro pake, simudza ruoko rwako. Zvino, zvino, hezvino zvandiri kuedza kutaura, shamwari, unoona. Zvino, heizvi zviri pano. Vashumiri vese ava vari pamusoro pano papuratifomu. Uye Kristu akaita vimbiso iyi. Maona, yakanyorwa. Yaifanira kuzadzikiswa riini? Mumazuva ekupedzisira, Kuuya kwaShe koda kusvika. Ndizvozvo here? Zvaifanira kuitika ipapo.

119 Zvino, ndiro Shoko rakaprofitirwa nhasi. Kwete chiedza chaRuther; kwete chiedza chaWhisiri; kwete kunyange chiedza chePentecosta. Chakwidza nenzira zvino. Zvino, chaRuther chakanaka; Methodist yakanaka; Baptist yakanaka; vese zvavo, Pentecosta, yakanaka. Pane vakasiyana-siyana vavo vagere muno manheru ano. Havasi—havasi—havasi vanhu vacho. Ko kana . . .

120 Hawaigona kuudza muMethodisti chero chinhu pamusoro paRuther, nekuti anotenda mukucheneswa uye Ruther haadaro. Maona?

121 Haumbogone kuudza muPentecosta kuti “kucheneswa ndizvo zvese,” iye akaona kudzoreredzwa kwezvipo. Haasi kuzombotenda izvozvo. Kwete, ane zvinopfuura izvozvo. Maona? Uye ndiro zera ratakapedzisira kuva naro, uye Bhaibheri rinoti hapachazombova nemamwe mazera ekereke.

¹²² Asi pachava nekuunganidzwa kwevanhu, maona, uye hepano patiri. Zvino, rangarirai, chiratidzo chekugumisira. Tiri vanhu here varikutsvaga mwanakomana akavimbiswa? Simudza ruoko rwako. Unotenda here kuti uri Mbeu yaAbrahama nekuva munaKristu? Simudza ruoko rwako. Zvadaro, Mbeu yaAbrahama, gamuchira chiratidzo chako! Hazvisi kunze kuBhabhironi, hazvisi kunze uko kunyika yemasangano. Zviri pano pakati penyu, avo vasiri mumatakanana kunze uko. Zvitendei!

¹²³ Hepano pane mudzimai, handimuzive zvachose, takangoda kuenzana pazera. Handisati ndamboona mudzimai uyu muupenyu hwangu. Dai ndaigona kupodza mudzimai uyu ndaizviita, kana achirwara. Hapana chandinoziva pamusoro pake. Maona achisimudza ruoko rwake here maminiti mashoma apfuura. Ini—ini handisati ndakambomuona. Angoriwo mudzimai akamirapo.

¹²⁴ Nhasi uno vauya zasi kuno vakaunza tsumbu remakadhi emunamato, vaazanganisa ndokuapa kuvanhu. Mumwe awana nhamba potsi pano, uye nhamba gumi shure uko, nhamba gumi neshanu, nhamba nomwe, nhamba... saizvozvo. Anovhenganiswa ese, mberi kwenyu, mazuva ese. Uye paanodanidzirwa, anongodanwa kubva kwese-kwese. Maona? Uye, zvino, haufanire kunge uine kadhi remunamato, ingogara ipapo utende. Sei musinga...

¹²⁵ Zvitswinye, manheru ano, uone nguva yatiri kurarama mairi. Maona? Zvino, zvavakuda kutopera, zvakare, shamwari. Zvavakuda kutopera!

¹²⁶ Zvino, kana Mwari waAbrahama akamutsa Jesu Kristu kubva kuvakafa, uye Jesu iyeye akavimbisa kuti mumazuva ekupedzisira zviratidzo zvimwe chete izvo Abrahama... kuti Ngirozi (yaiva Mwari mumutumbi wemunhu) yakaita mberi kwaAbrahama, apo mwanakomana wevimbiso ave kuda kusvika, Jesu wakati zvimwe chetezvo zvaizoitika nhasi uno.

¹²⁷ Zvino, tinoona maatomiki nemasangano, uye zvese izvo, nematakanana avari maari. Tinoona Billy Graham zasi uko, naOral Roberts, nevese vanhu kunze uko; mutumwa wePentecosta nemutumwa wemasangano zasi uko, tinoona zvese izvo zvichiitika, zvichizadzisa chiratidzo. Billy Graham, mudzidzi weBhaibheri chaiye, izvo zvinotendwa nemasangano. Oral Roberts, mupodzi chaiye, chaizvo izvo Pentecosta...

¹²⁸ Asi tarisa kuno, pane chimwe chinhu chakavimbiswa kuMbeu yaAbrahama. Hapo pavari zasi pakati pawo masangano; pane chimwe chinhu *kunze* kwemasangano chinofanira kuitika, kuunganidza vanhu. Tavakuzviregera kusvikira mangwana manheru.

¹²⁹ Tarirai, handizivi mudzimai uyu. Ndichamupira gotsi. Kana Ishe Mwari akataura chimwe chinhu kumudzimai uyu, zvichida

nde—ndechemhuri, pamwe ndechemari, pamwe ndecheurwere; handizive. Mudzimai uyu achaziva kana chiri chokwadi kana kwete.

¹³⁰ Kana iYe akaita chinhu chimwe chetecho manheru ano chaAkaita ipapo, munozotenda here Mwari uyo Jesu Kristu akavimbisa kuti aizovapo mumazuva ekupedzisira? Vangani vanotenda kuti tiri kurarama semuSodhoma, apo nyika yapinda muchinhano cheSodhoma? Vangani vanotenda kuti zvandakuudzai manheru ano iChokwadi? Zvino, vana uye Mbeu yaAbrahama, tendai Mwari!

¹³¹ Zvino, kuti ndizvibuditse mupfungwa dzenyu kuti ndiri kuedza kutaura chimwe chinhu kumudzimai, ndakamutarisa kumeso, kana kuwana zvese pamusoro pekuverenga pfungwa dzevanhu kana zvamunoda kuziva. Chero munhu anoziva nezvekuverenga pfungwa anofanirwa kuva nepfungwa dziri nane kupfuura izvozvo. Maona? Maona? Makamboona here munhu anoverenga pfungwa dzevanhu achiparidza Vhangeri? Makamboona here muvuki achiparidza Vhangeri, achiita zviratidzo nemashura, achiparidza kuti Jesu Kristu mumwe chete? Kwete.

¹³² Honai, inongova... ipfungwa yevanhu. Maona, vakapofomara. Munotenda here kuti vanogona kupofomara? Bhaibheri rakati vachange vakadaro. Ndizvozvo here? “Vasingarangeri, vanokarira zvepamusoro, vanoda zvinofadza zvenyika kupfuura Mwari, vanotyora sungano, vanonyepera vamwe, vasingazvidzore, vanoshoora vaiti vezvakanaka, vaine chimiro chehumwari, asi vachiramba Simba racho.”

¹³³ Jesu haana kutaura here, munaMateu 24:24, kuti “Mweya miviri mumazuva ekupedzisira yaitopotsa yanyengera Vasanangurwa, dai zvaibvira”? Asi hazvigoneki. Vaiva mupfungwa dzaMwari pamavambo, uye ivo chikamu chaMwari.

¹³⁴ Zvino, Mwari waAbrahama, Isaka, naJakobho, ngazvizivikanwe manheru ano kuti ndirikutaura Chokwadi pamusoro peNyu. Ndimi, Ishe. Mukuzvinipisa regai varanda veNyu vakwanise kubvisa pfungwa dzavo munzira, kuitira kuti Mugone kushandisa mitumbi yedu kuitira Kubwinya kweNyu. Muzita raJesu, Mwanakomana waMwari. Amen.

¹³⁵ Chipi chii? Kwete chinhu chaunotora wodimbura nekutenderedza. Kwete, kwete. Kuziva kuti unozvibuditsa sei munzira kuti Mwari agone kukushandisa. Chipi kungozvibvisa pachako chete, zvararo Mwari anochishandisa.

¹³⁶ Mudzimai ari seri kwangu ari kuzofa izvezvi akasapodzwa. Mudzimai ari seri kwangu achangobva kunamatirwa nemumwe murume, nguva pfupi yapfuura. Ane kenza. Kenza yacho iri muzamu rake uyewo mumapapu ake. Uye akanamatirwa nguva pfupi yapfuura, uye ari kuedza kuzvigamuchira nekutenda kuti akapodzwa. Iyi iZVANZI NAJEHOVHA!

Ndizvo here, hanzvadzi? [Mudzimai anoti, “Hongu, zvirokwazvo ichokwadi.”—Mupepeti.] Kana zvirizvo, vheyesa—vheyesa ruoko rwako kuungano. Mwari waAbrahama achiri kurarama! Zvakanaka, enda utende zvauri kutenda uye uchapora. Amen.

Unotenda? Unoti, “Ko ungoro?”

¹³⁷ Mudzimai agere apa nerake...pamapeto pemutsara, mudzimai wechipiri ipapo chaipo. Pandacheuka ipapo ndabva ndangoona chimwe chinhu, chinhu chakamoneredza ruoko rwake, kupombwa kwesimba reropa. Ane B.P. yakakwira. Ndizvo here, hanzvadzi? Simudza ruoko rwako. Kana uchitenda, B.P. yako ichadzika. Mwari waAbrahama achiri pano. Angori chaizvo zvaava, Shoko raMwari rezuva rino!

¹³⁸ Wakadini? Unotenda zvino? Iva nekutenda munaMwari! Zvinoita sekungova mwana. Mwari anoziva moyo wako, mudzimai wechidiki, ini handizive. Unotenda here kuti Mwari anogona kundiratidza dambudziko? UnoMutenda here ndikadaro? Hausi kuzviitira, ndezve mumwewo munhu, ihanzvadzi yako. Uye ari pakaipisisa uye ari muguta riri kuchamhembe kuno, Tulare. Uye ari muchipatara, uye ane leukemia, uye vanachiremba vakamusiya kuti achifa zvake. Hapachina tariro zvachose. Ndizvozvo. Unotenda here? [Mudzimai, achichema, anoti, “Hongu.”—Mupepeti.] Zvakanaka. Chii chaunacho muruoko rwako? Tora icho unoisa pamusoro pake. Uye usapokane. Tenda! Amen.

¹³⁹ Unotenda here? Handisati ndamboona mudzimai uyu muhupenyu hwangu. Asi Mwari anoramba ari Mwari! Zvino, ndiudzei kuti munhu anogona kuita izvozvo? Hazvisi mukugadzirwa kwemunhu kuzviita. NdiMwari akavimbiswa naJesu Kristu kuti achange aripo mumazuva ekupedzisira uye aizoZvisimbisa (pamberi chete peMbeu yaAbrahama) sezvazvaiva mumazuva eSodhoma.

¹⁴⁰ Zvino pano, handimuzivi mudzimai uyu, hatizivane, ndinofungidzira kuti ndekekutanga kedu kuonana muupenyu. Nonditenda kupa muranda wake here? Unotenda iri kupa Shoko here? Uye unoziva kuti kana...Shoko iri richingori munzveri wepfungwa nevavariro dzemoyo. Ndizvo here? Shoko Mupodzi, zvakare, ukangogona kuRitenda. Iwe unodaro? Wakaputirwa nemumvuriwo, zvakare, nemumvuri une rima. Ikenza. Uye unotenda kuti Mwari anogona kundiudza pane kenza iyoyo here? Iri muura hwezasi, ndizvo zvinotaura chiremba. Unotenda here zvino kuti uchapodzwa? Enda, uye usapokane zvachose, uye Mwari achakunatsa. Amen.

¹⁴¹ Munotenda here, munhu wese? Izvo chaizvo zvaAkavimbisa kuita! Ivai nekutenda munaMwari, musapokane.

¹⁴² Isu hatizivane. Handikuzive. Kana tisingazivane, rega ungoro izvize, tibatane maoko. Handisati ndamboona uyu mudzimai hupenyu hwangu hwese.

143 Munotenda here kunze uko? Munotenda kuti ndiJesu Kristu here? Chii? IShoko rake. Apo vanhu ava vanoRiramba, havasi kuramba munhu, vari kuramba Shoko. IShoko raiva kunze, haraikwanisa kudzoka mukati.

144 Zvino, mudzimai uyu handimuzive. Handisati ndakambomuona muupenyu hwangu. Mwari Mupodzi. Rinogona kunge risiri rekupodzwa, rinogona kunge riri rechimwe chinhu, asi kana Mwari vakatsanangura kwandiri dambudziko rako, unonditenda here? Chekutanga chauri kudira munamato, ndechekuti, unenzeve yakakanganisika. Imwe yenzeve dzako, haugone kunzwa nayo. Ndizvozvo. Ichokwadi. Uye zvino une tsika, uye unoda kurega tsika iyoyo, yekuputa fodya. Isa munwe wako munzeve yako yakanaka zvino, zvakanaka, nzeve yako yakanaka. Zvakanaka. Zvino tenda Mwari uenderere mberi nenzira yako, uye usa... uye hauchazoputa fodya zvakare ukatenda. Enda, Mwari akuropafadze.

Maona zvaitika. Haasi wechokwadi here?

145 Handikuzive, hatizivane. Handisati ndambokuona muupenyu hwangu, asi Mwari anokuziva. Kana Mwari akagona kundiudza chimwe chinhu pamusoro pako, uchatenda here?

146 Ungano yese ichatenda here? Pane here kunze uko anoziva mudzimai uyu? Pane here muungano anoziva mudzimai uyu? Zvakanaka, munoziva kana chiri chokwadi kana kwete. Zvinofanira kuzvipedza. Izvi zvinofanira kutaura chokwadi.

147 Zvino munogona kuona zvaitika mumaminitsi mashoma apfuura. Maona? Ingori...Ndiri kudzedzereka. Maona? Kungoti ndiri kupofomara kune zvinhu zvese. Maona, kunzvera-. Maona, ndiWo Mweya Mutsvene. Handini. IShoko rakavimbiswa kuzuva rino. Hazvina kumbobvira zvakaitika kubvira mazuva evaapostora, hazvina kumbobvira zvakaitika. Asi paya pazvakanzi, "Kuuya kweMwanakomana wemunhu kwave kusvika. Sezvazvaiva mumazuva aRoti, ndizvo zvazvichava pakuyaya kweMwanakomana wemunhu." Vasingatendi havaZvitendi. Havatarisirwe kuZvitenda. Asi vatendi vanoZvitenda!

148 Zvino, kana Mweya Mutsvene ukazarura izvi, vangani vachatenda nemoyo yavo yese, mungasimudza maoko enyu here?

149 Wakakuvadzwa. Wakaita tsaona nemotokari, yakasvatora mapfupa muhuro yako. Unewo zvakare itsvo yakasvotorwa. Ndizvo chaizvo, handizvo here? Unotenda here? Uchaita zvakanaka. Mwari ngaarumbidzwe.

150 Unotenda here kuti Mwari anopodza dambudziko reitsvo? Zvino enda mberi ugamuchire kupodzwa kwako.

151 Uya, mudzimai. Tarisa kuno. Unotenda here kuti Mwari anopodza dambudziko remoyo? Zvakanaka, enda nenzira yako uchitenda, uye moyo wako uchaita zvakanaka.

152 Uya pano. Unotenda here kuti Mwari anogona kupodza musana wako, nekukunatsa? Enda mberi uchizvitenda zvino.

Ingotenda Mwari, ndizvo zvega zvaunofanira kuita!

153 Uya, hanzvadzi. Unotenda kuti Mwari anopodza dambudziko remudumbu here? Enda, unodya svusvuro yako, tenda nemoyo wako wese.

154 Uya. Unotenda kuti Mwari anogona kupodza arthritis here? Zvino enda, tenda, uye gadzira . . . uye Mwari achakunatsa.

155 Zvakanaka, huya. Unotenda nemoyo wako wese here? Unotenda here? Arthritis, zvakare. Unotenda here kuti Mwari anogona kukupodza? Enda mberi, Zvitende, uti, “Maita heNyu, Ishe.”

Vangani vanotenda kunze uko? Munotenda here?

156 Mudzimai agere pano akapfeka dhirezi dzvuku, akasimudza ruoko rwake ipo pano, ari kutambura neB.P. Unotenda here kuti Mwari anogona kukupodza? Unodaro? Zvakanaka. Isa maoko ako pamudzimai uyo ari parutivi rwako zasi ikoko, uye muudze kuti inzwi rake richaita zvakanaka. Amen.

Hezvo izvi. Amen. Munotenda here? Ivai nekutenda!

157 Hepano pane murume agere pano, ari kurasikirwa neropa. Unotenda here, changamire, mugere pano chaipo? Hongu, uri kurasikirwa neropa. Unotenda kuti zvichapora here?

158 Mudzimai ari parutivi rwako ari kurasikirwa neropawo zvakare, uye ane dambudziko remusana. Unotenda kuti Mwari achakupodza here? Unodaro? Simudza ruoko rwako uzvigamuchire. Tenda.

159 Mudzimai uyu ari parutivi pako ane dambudziko nemakumbo ake uye nehudyu hwake. Unotenda here kuti ndizvozvo, hanzvadzi? Unotenda kuti uchapodzwa here? Zvakanaka, simudza ruoko rwako, iti, “Ndinozvigamuchira.”

160 Zvakanaka, mudzimai ari pedyo naye ane hutachiwona. Unotenda here kuti Mwari achapodza hutachiwona uhwu, mudzimai wechidiki akapfeka magirazi? Simudza ruoko rwako, woti, “Ndinozvigamuchira.” Zvakanaka, zvitende.

161 Hanzvadzi iri parutivi rwake ine dambudziko reitsvo. Unotenda here kuti Mwari achapodza dambudziko reitsvo, mudzimai? Zvakanaka, simudza ruoko rwako, zvigamuchire.

162 Musikana mudiki ari parutivi rwake ane humbu. Unotenda here kuti Mwari achapodza humbu iyo? Simudza ruoko rwako, zvigamuchire.

¹⁶³ Vangani vanotenda nemoyo yavo yese? Zvino simukai netsoka dzenyu muzvigamuchire. Simukai muHupo hwaMwari waAbrahama, Isaka, naJakobho.

¹⁶⁴ MuZita raTenzi Jesu Kristu dai Mweya Mutsvene wawira muchivakwa zvino upodze munhu wese ari muHupo hwaMwari!



MWARI ANOZVIDUDZIRIRA PACHAKE SHO64-0205
(God Is His Own Interpreter)

Mharidzo iyi naWilliam Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Chitatu manheru, 5 Kukadzi, 1964, paKern County Fairgrounds muBakersfield, California, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2014 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org